A Basa Rake: Murevereri anenyasha (VaHebhuru 5:1-10).

- ❖ Kuyananisa pakati paMwari nevanhu rakanga riri rimwe remabasa evapiristi.
- ❖ Vapirisiti vaigona kunyatsonzwisisa vanhu nokuti vaitadzawo saivo. Naizvozvo vaifanira "kunzwira tsitsi aʊo ʊasiŋgaziʊi naʊakatsauka" (VaHebhuru 5:2).
- ❖ Jesu akanga asiri mutadzi, asi akatora hunhu hwedu uye akakwaniswa mukuteerera nokutambura (VaHebhuru 5:7-8). Nenzira iyi Akaratidza kuti Aigona kutinzwisisa uye kutida.
- ❖ Aikodzera semupiristi nekuda kwekuteerera Kwake, kutambura Kwake, uye nehupenyu Hwake hwakakwana. Akava murevereri pakati paMwari nesu(VaHebhuru 5:9-10).

B Dzinza Rake: Werudzi rwa Merkizedeki (VaHebhuru 7:1-3).

- ❖ Merkisedeki anongotaurwazve imwezve nguva muTesitamende yekare, Mapisarema 110:4. Pauro akashandisa ndima iyoyo kusuma nyaya yamambo-muprisita achimiririra Jesu.
- ❖ Merkisedeki aiva "wakafananidzwa noMŋanakomana waMŋari," (VaHebhuru 7:3). Jesu ndiMambo uye Mupirisita. Anogara nokusingaperi "asina-kutaŋga kwamazuʊa, kana kuguma kwoʊupenyu" (VaHebhuru 7:3). Jesu haasi muzukuru waMerkisedeki, asi upirisita hwaJesu hwakafanana nohwake.

C Kodzero Yake: Kushandura mitemo (VaHebhuru 7:11-16).

- ❖ Vapirisita vakanga vasina kukwana,nokudaro, vakanga vasingakwanisiwo kuita kuti vamwe vanhu vave vakakwana. Kunze kwezvo, zvibayiro zvaisava nzira yokuita kuti vanhu vave vakakwana (VaHebhuru 10:1).
- ❖ Vanhu vaida mupirisita akakwana aizotikwanisa pamberi paBaba. Mutemo wevapirisita waifanira kushanduka nokuti hapana wedzinza raAroni aizova akakwana.
  - — <u>Kushandura mutemo wehupirisita</u>: kubva kurudzi rwaAroni kuenda rwaMerkisedeki.
  - — <u>Kushandura mutemo wezvipiriso</u>: Kubva kumhuka zhinji kuenda kuchipiriso chaJesu chete.

D Murawu Rake: Sungano inopfuvura nokunaka (VaHebhuru 7:17-22).

- ❖ Sungano yekare yakanga yakavakirwa pahuprisita hwaAroni. Naizvozvo, sungano itsva yaidikanwa nemhaka yokuti mutemo wouprisita wakanga washanduka(VaHebhuru. 8:7, 13).
- ❖ Musungano itsva, utera hwevapirisita hwakatsiviwa no"upenyu husingagumi" hwoMutsigiri wedu, Jesu. Ndiye mupirisita mukuru worudzi rwaMerkisedeki.
- ❖ Uyezve, mhiko iri musungano itsva iyi vimbiso. Mhiko dzevanhu dzinopera kana munhu afa, asi mhiko yaBaba pamusoro pehupirisita hwaJesu ndeyekusingaperi nekuti havazofi (VaHebhuru 7:21). Zvipikirwa zvake ndezvechokwadi.

E Hunhu Hwake: Mupirisita akakwana (VaHebhuru 7:26).

- ❖ Mutvene: Kureva kuti "anozvipira pachinamato kwazvo" kana kuti "anofadza Jehovha." Anoita kuda kwaMwari.
- ❖ Usine chakaipa: Asingaiti zvakaipa kana kutsiva. Anogara achiitira vamwe zvakanaka uye haambofungi zvakaipa.
- ❖ Usina kusvibiswa: Akachena, asina chivi. Akaedzwa pazvinhu zvose, asi asina chivi.
- ❖ Wakaparadzaniswa nevatadzi: Akaparadzaniswa nevatadzi paakakwira kudenga. Iko zvino anovareverera.
- ❖ Wakakwidza kumusoro kwedenga: Anosimudzirwa pamusoro pezvinhu zvose, sezvinoitwa Mwari (Mapisarema 57:5; 108:5)